

# PREMYE KOLON YO

Nan mitan ane 1700 yo,  
se tribi Seminole ki te  
prensipalman abite Florid.  
Rezulta rechèch akeyologik yo  
sigjere ke sit sa a te kapab  
yon kay tanporè pou yo.



Fanmi Seminole  
nan piwòg, 1916  
Foto ki se koutwazi  
State Archives  
of Florida,  
Florida Memory.

Kolon blan yo te kòmanse rive an 1858 alantou pon natirèl la ak Arch Creek. An 1858, pyonye yo bati yon moulen palm coontie nan pon natirèl pou moulen rasin natif palm coontie yo an lanmidon. Vilaj Pon Natirèl (oswa Arch Creek jan yo te vin konnen li annapre) te grandi ak pwospere nan kòmansman ane 1900 yo. Yon gwoup moun ki te soti nan Elmira, New York, te etabli yon koloni ivè kote yo te kiltive chadèk ak tomat. Moun rekonèt yo kòm premye koloni òganize nan zòn lan.



Touris ki soti nan Royal Palm  
Hotel Henry Flagler ki ap fè  
piknik nan pon natirèl kalkè  
Arch Creek an 1897.



Kondui machin sou  
pon natirèl, 1924

Vè 1920, vilaj Arch Creek te gen yon popilasyon 307 rezidan. Gran eksplozyon imobilye nan mitan ane 1920 yo te transfòme ti kominate a an yon vil ki ap grandi byen vit. Arch Creek te enkòpore nan vilaj Miami Shores an 1925 epi pita vil North Miami.

Bilding sa a fonksyone kòm yon mize ak sant lanati. Li fèt kòm yon kopi kay an bwa fen ane 1800 nan Florid yo.

Kay fanmi Edward DeVere Burr, 1907. Koutwazi foto Robert Burr

